

TOU AZIÈM PATI

Lavi nan Kris-la

DÉZIÈM SÉKSION

Dis kòmandman-yo

DÉZIÈM CHAPIT

« Sé pou rinmin prochin-ou tankou pròp tèt-ou »

Jézu té di disip li-yo : « Minm jan mouin rinmin nou-an, sé konsa pou nou youn rinmin lòt » (Jn 13, 34).

2196 Jézu, antan-l réponn késion yo té pozé osijè premié nan pami kòmandman-yo, té di : « Premié-a sé : “Kouté, Israël : Granmèt-la Bondié-ou la, sé yon sèl Granmèt-la, épi sé pou-ou rinmin Granmèt-la Bondié-ou la ak tout kè-ou, ak tout nanm-ou, ak tout éspri-ou épi ak tout fòs-ou”, Dézièm-nan sanblé ak li : “Sé pou-ou rinmin prochin-ou tankou ou minm”. Pa gin lòt kòmandman ki pi gran pasé sa-yo » (Mc 12, 29-31).

2822 Apot sin Pòl raplé : « Moun ki rinmin prochin-l, li réalizé laloua-a. Réyèlman : *Pa fè adiltè, pa touyé, pa vòlè, pa fè fo-témouagnaj, pa fè anbision*, épi ninpòt ki lòt kòmandman ankò, sé nan paròl sa-a li jouinn fondman-l : *Sé pou-ou rinmin prochin-ou tankou ou minm*. Rinmin prochin-an pa fè sa-k mal. Akonplisman laloua-a konsa sé rinmin-an » (Rm 13, 8-10).

ATIK 4

Katriyèm kòmandman-an

« Onoré papa-ou ak manman-ou, pou-ou viv lontan sou tè-a, sa Granmèt Bondié-ou la ap ba ou-a » (Ex 20, 12).

« Li té rét obéyisan vizavi yo » (Lc 2, 51).

Granmèt Jézu li-minm té raplé fòs « kòmandman Bondié-a » (Mc 7, 8-13). Apot-la anségné : « Pitit yo, sé pou nou obéyi paran nou-yo nan Granmèt-la : paské sé sa ki kòrèk. Onoré papa-ou ak manman-ou (sa-a sé premié kòmandman ak yon promès), pou-ou kapab jouinn bénédiksion, épi pou-ou viv lontan sou tè-a » (Ep 6, 1-3 ; cf. Dt 5, 16).

2197 Katriyèm kòmandman-an ouvri dézièm tab-la. Li montré lòd charité-a. Bondié vlé pou, apré Li, nou onoré paran nou-yo, sa nou doué yo lavi-nou épi sa-yo ki té transmèt nou konésans Bondié-a. Nou gin obligasion pou nou onoré épi respékté tout moun Bondié abiyé ak otorité-l la poutèt byin nou.
1897

2198 Kòmandman sa-a éksprimé dévoua nou gin pou ranpli-yo sou yon fòm pozitif. Li anonsé lòt kòmandman ki suiv li-yo épi ki konsèné an patikilié respè pou lavi-a, pou mariaj-la, pou byin latè-yo, pou paròl-la. Sé youn nan fondman doktrîn sosyal Égliz-la.
2419

2199 Katriyèm kòmandman-an adrésé tout ékspè bay pitit-yo nan rélasion yo ak papa ak manman yo, paské rélasion sa-a sé li ki pi inivèsèl pami tout lòt-yo. Li konsèné tou minm jan-an rélasion ak manb ki pròch nan group fanmi-an. Li mandé pou bay granmoun-yo ak zansèt-yo onè, afeksion ak rékonésans. Apré sa li éljaji sou dévoua élèv-yo aléga profesè-yo, ouvriyé-yo aléga moun ki ba yo travay, délégé-yo (subaltèn-yo) aléga chèf-yo, sitouayin-yo aléga patri yo-a, moun k-ap administré-l épi gouvèné-l.

Kòmandman sa-a inpliké épi sipozé dévoua paran-yo, sivéyan-yo, profesè-yo, dirèktè-yo, majistra-yo, gouvènan-yo épi tout moun k-ap égzèsé yon otorité sou lòt oubyin sou yon kominoté moun.

2200 Obéyi katriyèm kòmandman-an gin rékonpans-li avèk li : « Onoré papa-ou ak manman-ou, pou-ou viv lontan sou tè-a, sa Granmèt Bondié-ou la ap ba ou-a » (Ex 20, 12 ; Dt 5, 16). Ansanm ak frui spirituèl-yo, respè kòmandman sa-a poté avèk li frui tanporèl lapè-a ak prospérité-a. Okontrè, si yo pa kinbé kòmandman sa-a sé gro domaj sa poté pou kominoté-a ak pou moun-yo kòm moun.
2304

I. Fanmi-an nan projè Bondié-a

Natu fanmi-an (Sa fanmi-an yé)

2201 Kominoté dé moun ki marié-yo établi sou konsantman épou-yo. Mariaj-la ak fanmi-an fèt pou byin épou-yo, pou transmèt lavi-a épi pou édikasion pitit-yo. Rinmin ant dé moun ki marié-yo épi anfantman pitit-yo sa établi rélasion pèsònèl épi responsabilité ki vîn an premié (primòdial) ant manb minm fanmi-an.
1625

2202 Gason-an ak fi-a ki fè youn nan mariaj-la fòmé yon fanmi ansanm ak
1882 pitit yo. Dispozision sa-a vini anvan tout rékonésans yon otorité piblik t-a
ba li ; li anlè tèt otorité sa-a. Sé li-minm pou yo konsidéré kòm référans
nòmral pou sé an konksion-l yo doué aprésié tout lòt diféran fòm rapò
familial.

2203 Lè Bondié té kréyé gason-an ak fi-a, li té établi fanmi-an épi li té ba li
369 konstitision fondamantal-li. Manb li-yo sé moun ki gin minm dignité. Pou
byin komin manb li-yo ak sosiété-a, fanmi-an inpliké diféran
résponsabilité, doua ak dévoua.

1655-1658 **Fanmi krétièn-nan**

2204 « Fanmi krétièn-nan sé maniféstasion ak réalizasion kominion l'Égliz-
533 la, sé pou rézon sa-a yo doué [...] rélé-l yon « *Égliz lakay* » (*Ecclesia
domestica*) » (FC 21 ; cf. LG 11). Li sé yon kominoté lafoua, éspérans ak
charité ; li gin yon inpòtans spésial nan l'Égliz-la, tankou sa parèt nan
Nouvo Téstaman-an (cf. Ep 5, 21-6. 4 ; Col 3, 18-21 ; 1 P 3, 1-7).

2205 Fanmi krétièn-nan sé yon kominion ant moun, sé tras ak pòtré
1702 kominion ant Papa-a ak Pitit-la ak Éspri-Sin-an. Aktivité-l nan transmèt
lavi-a épi édiké-a réflété travay kréasion Papa-a. Li gin vokasion pou-l
patisipé nan priyé ak nan sakrifis Kris-la. Priyé chak jou-a ak léktu Paròl
Bondié-a ranfòsé charité-a nan li. Fanmi krétièn-nan ap évanjélizé épi li
misionè.

2206 Rélasion-yo anndan fanmi-an mété yon santiman rapròchman, aféksion
épi intéré komin ki soti sitou nan respè youn gin pou lòt. Fanmi-an sé yon
kominoté sipériè (ki anlè lòt-yo) ki gin kòm vokasion pou mété ansanm
désizyon dé moun ki marié-yo épi koopérasion atantif paran-yo nan
édikasion pitit-yo (GS 52, § 1).

II. Fanmi-an ak sosiété-a

2207 Fanmi-an sé *nouayo orijinèl lavi sosial-la*. Li sé sosiété natirèl koté yo
1880 rélé gason-an ak fi-a pou-l bay pròp tèt-li nan rinmin-an ak bay lavi-a.
372 Otorité, stabilité épi lavi rélasion youn ak lòt anndan fanmi-an sé fondman
1603 libèté, sékirité, fratènité anndan sosiété-a. Fanmi-an sé kominoté koté,
dépi moun-yo ti bébé, yo kapab aprann valè moral-yo, kòmansé sou onoré
Bondié épi byin sèvi ak libèté-a. Lavi nan fanmi-an sé inisiasion pou lavi
nan sosiété-a.

2208 Fanmi-an doué viv yon fason pou manb li-yo aprann okipé lòt épi pran
souin pou jèn-yo ak granmoun-yo, pou moun ki malad-yo oubyin ki gin
yon inkapasité (*handicap*) ak pou pòv-yo. Gin anpil fanmi, pandan kèk
tan, ki pa nan kondision pou bay èd sa-a. Lè sa-a sé lòt moun, lòt fanmi,

épi sosiété-a, yon fason kòm ranfò (subsidiè), ki pou pran mouayin pou bay èd sa-yo : « Rélijion ki nèt san tach kot Bondié ak Papa-a, min li : vizité òfèlin yo ak vèv yo nan tray yo, kinbé tèt ou san tach parapò a sièk sa-a » (Jc 1, 27).

- 2209 Yo doué édé épi défann fanmi-an ak mouayin prévizion sosial ki adapté. Koté fanmi-yo pa nan kondision pou yo ranpli fonksion yo, lòt kò sosial-yo gin dévoua pou édé yo épi soutni réalté fanmi-an. Dapré prinsip subsidiarité-a, kominoté ki pi gran-yo doué pran souin pou yo pa soustrè 1883 pouvoua fanmi-yo ni antré mélé nan lavi yo.
- 2210 Inpòtans fanmi-an pou lavi ak santé sosiété-a (cf. GS 47, § 1) impliké yon réponsabilité spésial sosiété-a ginyin nan soutni épi rafèmi mariaj-la ak fanmi-an. Pouvoua sivil-la doué konsidéré kòm yon dévoua grav, « pou rékonèt vrè karaktè mariaj-la ak fanmi-an, protéjé yo épi fè yo avansé, défann moralité piblik-la épitou ankourajé prospérité nan chak kay » (GS 52, § 2).
- 2211 Kominoté politik-la gin dévoua pou-l onoré fanmi-an, asisté-l épi sitou ofri-l :
- libèté pou fondé yon fanmi, gin pitit épi édiké yo dapré pròp konviksion moral ak rélijion pa-yo ;
 - protèksion stabilité rapò ki maré dé épou-yo ansanm ak stabilité réalté fanmi-an ;
 - libèté pou déklaré lafoua-l, transmèt li, édiké pitit-yo ladan-l ak mouayin épi institisyon ki nésésè pou sa ;
 - doua propriété privé-a, libèté pou investi, jouinn travay, kay, doua pou al viv lòt koté (émigré) ;
 - dapré institisyon péyi-a, doua pou souin santé, pou asistans granmoun-yo, pou alokasion familial ;
 - protèksion sékirité-a ak ijièn santé-a, sitou parapò a danjé tankou dròg, pònografi, éksè nan bouè alkòl, etc.
 - libèté pou kréyé asosiasion ak lòt fanmi épi pou konsa yo réprézanté yo bò kot otorité sivil-yo (cf. FC 46).
- 2212 Katriyèm kòmandman-an *kléré lòt rélasion-yo nan sosiété-a*. Nan frè ak sè nou-yo, nou ouè pitit paran nou-yo ; nan kouzin nou-yo, désandan zansèt nou-yo ; nan konsitouayin nou-yo, pitit tè koté nou fèt-la ; nan batizé-yo, pitit Manman-nou, Égliz-la ; nan tout moun, pitit gason oubyin pitit fi Sa-a ki té vlé yo rélé-l « Papa nou »-an. Sé poutèt sa, nou rékonèt rélasion nou-yo avèk prochin-nou kòm rélasion pèsonèl ant moun kòm moun. Prochin-an sé pa yon kèlkonk « individi » nan yon group moun ; sé yon « moun » (quelqu'un) ki mérité yon atansyon ak yon respè patikilié poutèt orijîn-li nou byin konnin. 1931
- 2213 Kominoté moun-yo fòmé apati moun kòm moun (*composées de personnes*). Pou byin gouvèné yo sa pa sifi pou garanti doua-yo épi akonpli dévoua-yo, ni non plis fidélté nan kontra-yo. Rélasion kòrèk ant

1939 moun k-ap bay travay ak ouvriyé-yo, ant gouvènan-yo ak sitouayin-yo, sipozé yon byinvéyans natirèl ki konfòm ak dignité moun-yo kòm moun, k-ap pran souin jistis-la ak fratènitè-a.

III. Dévoua manb fanmi-an

Dévoua pitit-yo

- 2214 Patènitè Bondié-a sé sous patènitè moun-nan (cf. Ep 3, 14) ; sé li ki fondman onè paran-yo. Pitit-yo, kit yo minè kit yo majè, respè yo doué ginyin aléga papa yo ak manman yo (cf. Pr 1, 8 ; Tb 4, 3-4) li alimanté nan aféksion natirèl ki soti nan rélasyon ki kinbé yo ansanm-nan. Kòmandman Bondié-a mandé sa (cf. Ex 20, 12).
- 1858
- 2215 Réspè pou paran-yo (*piété filiale*) li fondé sou *rékonésans* aléga moun sa-yo ki té anfanté pitit yo sou tè-a palintèmediè kado lavi-a, rinmin-an ak soufrans-la, épi té rann sa posib pou yo grandi nan laj ak nan sajès. « Ak tout kè-ou respékté papa-ou, épi pa bliyé soufrans manman-ou. Sonjé sé gras a yo ou té fèt, sa-ou kapab ba yo, pou sa yo fè pou ou ? » (Si 7, 27-28).
- 2216 Réspè pitit-yo doué ginyin tout bon-an parèt lè yo dosil épi *obéyi* tout bon. « Pitit mouin, kinbé kòmandman papa-ou, pa méprizé lòd manman-ou [...]. Nan démach-ou, y-ap kondui-ou, lè-ou kouché, y-ap véyé sou ou, lè-ou lévé, y-ap palé avèk-ou » (Pr 6, 20-22). « Pitit ki gin sajès, édikasyon papa ; moun k-ap pasé nan rizib pa kouté répròch » (Pr 13, 1).
- 532
- 2217 Tout tan pitit-la ap viv nan kay paran-l, li doué *obéyi* tout sa paran-l mandé-l k-ap chèché byin-l ak byin fanmi-an. « Ti moun yo, sé pou nou *obéyi* paran yo nan tout bagay ; sé sa ki fè Granmèt-la plézi » (Col 3, 20 ; cf. Ep 6, 1). Pitit-yo doué *obéyi* lòd rézonab édikaté yo ba yo épi lòd tout moun paran-yo mété yo anba réponsabilité yo. Min si timoun-nan sètèn an konsians sé t-a yon mové bagay moralman pou *obéyi* lòd sa-a, li pa doué suiv li.
- Antan y-ap grandi, pitit-yo ap kontinué respékté paran yo. Y-ap pran dévan sa yo souété, y-ap mandé konsèy yo san problèm épi y-ap aksépté rémak ki kòrèk yo fè. *Obéyisans* pitit-yo aléga paran-yo fini lè yo pran indépandans yo, min respè-a pa fini, yo toujou doué sa. Réyéلمان vré,
- 1831 rasîn-li soti nan krint Bondié-a ki youn nan kado Éspri-Sin-an.
- 2218 Katriyèm kòmandman-an, lè ptiti-yo rivé nan laj adult, li fè yo sonjé *réponsabilité yo aléga paran yo*. Nan ané viyéès yo oubyin pandan tan maladi k-ap diré, nan solitud oubyin mank mouayin, yo doué ba yo èd matérièl ak sipò moral nan mézi sa posib. Jézu raplé dévoua rékonésans sa-a (cf. Mc 7, 10-12).

« Bondié fè papa-a jouinn konsidèrasion nan pitit yo, li asiré jijman manman-an sou pitit yo. Moun ki gin konsidèrasion pou papa-l, l-ap jouinn padon pou péché-yo, l-ap kinbé kò-l louin yo, nan priyè chak jou-l l-ap jouinn sa l-ap mandé-a. Épi, tankou moun k-ap ranmasé richès, sé konsa moun ki gin konsidèrasion pou manman-l ; moun ki gin konsidèrasion pou papa-l, l-ap jouinn kontantman nan pitit-yo, jou priyè-l, l-ap jouinn sa-l mandé-a ; moun ki gin konsidèrasion pou papa-l, l-ap viv lontan ; moun ki obéyi papa-a, l-ap rafréchi kè manman-an » (Si 3, 2-6).

« Pitit mouin, sipòté viyéyès papa-ou, pa fè-l lapinn nan lavi-l ; épi si éspri-l fébli, padonnin-l, pa méprizé-l nan fòs ou-a. [...] Sé tankou yon moun ki dérèspékté Bondié, sa-k abandoné papa-l. Sé tankou yon moun madichonnin, sa-k faché sou manman-l » (Si 3, 12. 16).

2219 Réspè pitit-yo doué ginyin-an chofé bòn antant tout lavi fanmi-an, li gin pou ouè tou ak *relasyon ant frè ak sè*. Réspè aléga paran-yo réjayi sou tout dimansion fanmi-an. « Kouròn granmoun-yo: pitit pitit-yo, fièté timoun-yo: papa yo » (Pr 17, 6). « Avèk tout umilité épi dousè, avèk pasians antan nou youn sipòté lòt nan rinmin-an » (Ep 4, 2).

2220 Krétyin-yo doué gin yon rékonésans spésial pou moun ki fè yo résevoua kado lafoua-a, gras Batèm-nan épi lavi nan l'Égliz-la. Sa kapab paran-yo, lòt manb fanmi-an, gran-paran-yo, Pastè-yo, katéchist-yo, lòt profèsè oubyin zanmi. « Mouin sonjé lafoua-l la, ki nan ou-a ki pa nan manti-a, ki té abité toudabò nan grann ou Loyis, épi nan manman-ou Énis, mouin sètin li nan ou minm tou » (2 Tm 1, 5).

Dévoua paran-yo

2221 Rinmin ant dé moun ki marié-yo donnin frui pa sèlman nan transmèt lavi bay pitit-yo, min li doué proloungé nan édikasion moral yo ak fòmasyon spirituèl yo. « *Ròl paran-yo nan édikasyon-an* tèlman gin inpòtans, sa fè koté li manké li difisil pou ranplase-l » (GE 3). Doua ak dévoua pou édike-a sé bagay ki vîn an premié (primòdial) pou paran-yo épi yo pa kapab rétiré-l nan min yo (cf. FC 36).

2222 Paran-yo doué gadé pitit yo tankou sé *pitit Bondié* yo yé épi réspékté yo kòm *moun ki gin pèsonalite* yo. Sé pou yo édike pitit yo nan akonpli Laloua Bondié-a, antan yo montré yo-minm yo obéyi volonté Papa-a ki nan sièl-la.

2223 Paran-yo sé premié réponsab édikasion pròp pitit yo. Yo témouagné réponsabilité sa-a toudabò antan yo *kréyé yon fanmi* koté tandrès-la, padon-an, réspè-a, fidélité-a ak sèvis san chèché intèrè-a sé sa-k nòmval. Fanmi-an sé koté ki adapté pou *édiké nan bon kalité-yo* (vertus). Sa mandé pou aprann pratiké bliyé pròp tèt pa-ou, jijé yon fason kòrèk, kontròl pròp tèt-ou ki kondision tout vrè libèté. Paran-yo ap aprann pitit-yo sibòdoné « sa-k matérièl-yo ak sa-k natirèl-yo » anba « sa-k anndan-yo épi sa-k spirituèl-yo » (CA 36). Sé yon gran réponsabilité pou paran-yo

bay pitit yo bon égzanp. Antan yo-minm yo rékonèt pròp défo yo dévan pitit yo, y-ap kapab korijé épi dirijé yo pi byin :

« Moun ki rinmin pitit-li, sé pou-l sèvi souvan ak fouèt-la [...]. Moun ki anségné pitit-li, l-ap jouinn frui nan li » (Si 30, 1-2). « Épi nou minm, papa-yo, pa provoké pitit nou-yo nan kòlè, min sé pou nou fè édikasion yo nan disiplin ak koréksion Granmèt-la » (Ep 6, 4).

- 2224
1939 Fanmi-an sé koté ki pi natirèl pou kòmansé aprann yon moun solidarité ak réponsabilité kominotè. Sé pou paran-yo aprann pitit yo kinbé tèt yo parapò a danjé ak lésé-alé k-ap ménasé sosiété moun-nan.
- 2225
1656 Ak lagras sakréman mariaj-la, paran-yo résévoua réponsabilité ak privilèj pou yo *bay pitit yo bòn nouvèl-la*. Dépi yo toupiti sé pou yo inisié yo nan mistè lafoua-a paské, pou pitit yo, sé yo-minm ki « premié [...] anonsiatè-l » (LG 11). Dépi yo toupiti sé pou yo asosié yo ak lavi l'Égliz-la. Fason yo viv nan fanmi-an kapab nourri dispozision santiman ki pral rété pandan tout lavi-a kòm vrè préparasion ak fondman solid pou yon lafoua ki vivan.
- 2226
2179 Sé dépi timoun-nan toupiti pou paran-yo kòmansé *édiké-l nan lafoua*. Sa déja ap fèt lè manb fanmi-an édé youn lòt grandi nan lafoua ak témouagnaj yon lavi krétyin dapré Évanjil-la. Katéchèz nan fanmi-an vini anvan lòt mòd fòmasyon nan lafoua-a, li akonpagné yo épi li anrichi yo. Paran-yo gin mision pou yo aprann pitit yo lapriyé épi dékouvri vokasion yo kòm pitit Bondié (cf. LG 11). Parouas-la sé kominoté ékaristik-la épi kè lavi litijik fanmi krétyèn-yo ; sé koté ki spésialman bon pou katéchèz pitit-yo ak paran-yo.
- 2227
2013 Pitit-yo, sou bò pa-yo, poté konkou yo pou paran yo kapab *grandi nan vîn sin-an* (cf. GS 48, § 4). Yo tout épi yo chak ap padoné youn lòt ak kè laj épi san rété lè yo doué fè-l poutèt kout-ba, goumin, injistis ak viré do ki ka rivé. Aféksion youn gin pou lòt ap invité fè sa. Charité Kris-la mandé sa (cf. Mt 18, 21-22 ; Lc 17, 4).
- 2228 Pandan yo timoun, paran-yo ap manifésté respè-a ak aféksion-an toudabò nan jan yo dévoué pou édiké pitit yo ak souin épi atansyon, pou yo *prévoua fè yo jouinn sa yo bézouin pou kò-a ak pou léspri-a*. Pandan y-ap grandi, minm respè sa-a ak minm dévouman sa-a pral pousé paran-yo édiké pitit yo pou yo byin sèvi ak rézon yo épi ak libété yo.
- 2229 Paran-yo, kòm premié réponsab édikasion pròp pitit yo, gin doua pou yo *chouazi pou yo yon lékòl* ki koréponn ak pròp konviksion yo. Doua sa-a fondamantal. Paran-yo gin dévoua pou chouazi, nan mézi sa posib, lékòl k-ap édé yo pi byin nan fonksion yo kòm édikatè krétyin (cf. GE 6). Pouvoua piblik-yo gin dévoua pou yo garanti doua sa-a paran-yo ginyin-an épi asiré kondision réyèl ki pèmèt yo égzèsé-l.

2230 Pitit-yo, lè yo rivé laj adult, gin dévoua ak doua pou yo *chouazi*
profésion yo ak kondision lavi yo. Nouvo rèsponsabilité sa-yo y-ap pran
 1625 yo nan yon rélasion konfians ak paran yo, antan yo aksépté mandé épi
 suiv konsèy ak opinion yo. Sé pou paran-yo véyé pou yo pa fòsé pitit yo
 nan chouazi yon profésion oubyin yon moun pou yo marié. Dévoua
 modérasion sa-a pa anpéché yo, okontrè, pou yo édé yo ak konsèy byin
 avizé, sitou lè yo gin intansion fondé yon fanmi.

2231 Gin moun ki pa marié pou yo kapab pran souin paran yo oubyin frè ak
 sè yo, pou yo kapab dévoué yon fason pi éksklizif nan kèk profésion
 oubyin pou lòt motif ki onèt. Yo kapab poté pi plis konkou pou byin tout
 fanmi lèzòm.

IV. Fanmi-an épi Rouayòm Bondié-a

2232 Rapò ki kinbé moun-nan ak fanmi-a gin gran inpòtans, min yo pa san
 réstriksion (absolu). Minm jan ti bébé-a ap grandi pou-l vîn adult-la épi
 indépendan (otonòm) kòm moun ak sou plan spirituèl-la, konsa tou pròp
 vokasion pèsonèl-li, ki soti nan Bondié, ap parèt pi klè ak plis fòs. Paran-
 1618 yo ap respékté vokasion sa-a épi y-ap ankourajé pitit yo réponn pou suiv
 li. Sé pou yo gin konviksion premié vokasion krétyin-an sé *suiv Jézu* (cf.
 Mt 16, 25) : « Moun ki rinmin papa-l oubyin manman-l plis pasé-m, li pa
 mérité pou-l disip mouin, moun ki rinmin pitit gason-l oubyin pitit fi-l plis
 pasé-m, li pa mérité pou-l disip mouin » (Mt 10, 37).

2233 Vîn disip Jézu sé aksépté invitasion pou fè pati *fanmi Bondié-a*, pou
 542 viv dapré fason Jézu viv-la : « Ninpòt moun ki fè volonté Papa-m ki nan
 sièl-yo, sé li minm ki frè-m ak sè-m ak manman-m » (Mt 12, 49).

Sé pou paran-yo aksépté épi respékté ak kè kontan, ak aksion-d-gras
 apèl Granmèt-la pou kèk nan pitit yo pou suiv li nan virjinité poutèt Péyi-
 roua sièl-la, nan lavi konsakré-a oubyin nan sèvis kòm prèt-la.

V. Otorité-yo nan sosiété sivil-la

2234 Katriyèm kòmandman-an ba nou lòd tou pou nou onoré tout moun ki
 1897 résvoua nan min Bondié otorité nan sosiété-a pou byin-nou. Sé li minm
 ki kléré dévoua moun k-ap égzèsé otorité-yo, minm jan ak dévoua moun
 k-ap joui bénéfis sa poté.

Dévoua otorité sivil-yo

2235 Sa k-ap égzèsé yon otorité doué égzèsé-l kòm yon sèvis. « Moun ki vlé
 1899 vîn gran nan pami nou, sé pou-l vîn sèvitè nou » (Mt 20, 26). Égzèsis yon
 otorité doué réglé moralman apati orijîn-li ki sot nan Bondié, nati

rasionèl-li ak objéktif spésifik-li. Pèsonn moun pa kapab bay lòd oubyin établi bagay ki kontrè soua ak dignité moun-nan kòm moun soua ak laloua natirèl-la.

2236 Égzèsis otorité-a la pou-l montré lòd valè-yo ki kòrèk-la pou-l kapab pèmèt tout moun égzèsé libèté yo ak rèsponsabilité yo pi fasil. Moun ki rèsponsab-yo (supériè-yo) égzèsé jistis distribitif-la avèk sajès antan yo konsidéré bézouin ak konkou travay chak moun, épi antan y-ap chèché bòn antant-la ak lapè-a. Sé pou yo véyé pou règléman ak dispozision y-ap établi-yo pa minnin nan pièj-tantasion-an, antan y-ap opozé intèrè pèsonèl kont intèrè kominoté-a (cf. CA 25).

2237 *Pouvoua politik-yo* gin obligasion pou yo rèspekté doua fondamantal moun-nan kòm moun. Sé pou yo rann jistis ak byinvéyans, antan yo rèspekté doua chak moun, sitou fanmi-yo épi moun ki pa gin mouayin-yo.

Doua politik ki fè pati kondision sitouayin-an, yo kapab épi yo doué atribiyé yo dapré sa byin komin-an égzijé. Pouvoua pibilk-yo pa kapab siprimé yo san yon motif léjitim épi propòsionèl. Égzèsis doua politik-yo la pou byin komin nasion-an ak kominoté moun-yo.

Dévoua sitouayin-yo

2238 Moun ki anba yon otorité doué konsidéré mouin ki rèsponsab-yo (supériè-yo) kòm réprézantan Bondié ki mété yo kòm sèvitè kado-l yo (cf. Rm 13, 1-2) : « Sé pou nou obéyi tout administrasion lèzòm poutè Granmèt-la [...], sé tankou moun ki gin libèté pou nou aji; sé pa tankou moun ki pran libèté-a tankou yon voual pou yo kaché mové aksion yo, min tankou ésklav Bondié » (1 P 2, 13. 16). Kolaboré fidèlman avèk yo gin ladan-l doua, pafoua dévoua tou pou fè répròch ki kòrèk osijè sa-k sanblé nui dignité moun-yo ak byin komin-an.

2239 Sé *dévoua sitouayin-yo* pou yo kolaboré ak pouvoua sivil-yo pou byin sosiété-a nan yon éspri vérité, jistis, solidarité épi libèté. Rinmin épi sèvi *patri-a* soti nan dévoua rékonésans-la ak nan lòd charité-a. Soumision bay otorité léjitim-yo épi sèvis byin komin-an égzijé pou sitouayin-yo égzèsé fonksion yo nan lavi kominoté politik-la.

2240 Soumision bay otorité-a épi rèsponsabilité byin komin-an ansanm-nan égzijé moralman pou péyé inpo, égzèsé doua voté, défann péyi-a :

« Rinmèt tout moun dèt yo: pou sa sé taks-la, taks-la; pou sa sé pri travay-la, pri travay-la, pou sa sé krint-la, krint-la; pou sa sé respè-a, respè-a » (Rm 13, 7).

Krétyin-yo « abité nan pròp patri yo, min tankou étranjé ; yo gin tout bagay an komin avèk lòt-yo, tankou sitouayin, épi y-ap souffri tout bagay tankou pèlrin [...]. Yo obéyi laloua ki établi-yo, épi mòd jan lavi yo dépasé laloua-

yo. [...] Bondié mété yo nan yon pozision ki tèlman ro, yo pa gin doua pran lafuit » (Epître à Diognète 5, 5. 10 ; 6, 10).

1900 Apot-la ankourajé nou pou nou fè priyè épi aksion-d-gras pou roua-yo ak pou tout moun k-ap égzèsé yon otorité, « dékoua pou nou kapab viv an pè, byin trankil, nan tout dévoua rélijion-an, antan nou sérié » (1 Tm 2, 2).

2241 Nasion ki gin plis richès-yo doué résévoua *étranjé-a*, nan mézi sa posib, sa k-ap chèché sékrité ak mouayin ki nésésè pou lavi-a, sa yo pa kapab jouinn nan réjion koté yo soti-a. Pouvoua piblik-yo doué pran souin respékté doua natirèl-la ki mété moun yo résévoua-a anba protéksion sa-k résévoua-l yo.

Otorité politik-yo, poutèt byin komin-an nan fonksion yo ginyin-an, kapab mété égzèsis doua imigrasion-an anba diféran kondision jiridik, sitou respè dévoua imigran-an aléga nasion ki adopté-l la. Imigran-an gin obligasion pou-l respékté avèk rékonésans patrimouàn matérièl épi spirituèl nasion ki résévoua-l, pou-l obéyi laloua-yo épi pou-l édé poté nan chaj li yo.

2242 Sitouayin-an gin obligasion pou-l pa suiv lòd otorité sivil-yo, lè lòd sa-
1903 yo kontrè ak égzijans lòd moral-la, doua fondamantal moun-yo oubyin
2313 ansègnman Évanjil-la. *Réfizé obéyi* otorité sivil-yo, lè égzijans y-ap fè-yo
450 kontrè ak konsians douat-la jouinn jistifikasion-l nan distinksiyon ki ginyin
ant sèvis Bondié-a ak sèvis kominoté politik-la. « Rinmèt Sézar sa-k pou
Sézar, épi Bondié sa-k pou Bondié » (Mt 22, 21). « Nou doué obéyi
Bondié plis pasé lèzòm » (Ac 5, 29) :

1901 « Lè otorité piblik-la, antan-l dépasé limit konpétans-li, ap krazé (oprimé)
sitouayin-yo, yo-minm, sa byin komin-an mandé réyèlman, yo pa doué
réfizé-l ; min yo doué défann doua yo ak doua konsitouayin yo kont abi
otorité sa-a, antan yo respékté limit ki trasé nan laloua natirèl-la ak Évanjil-
la » (GS 74, § 5).

2243 *Rézistans* kont oprésion pouvoua politik-la pap chèché sèvi ak zam yon
2309 fason léjitim, sof si tout kondision ki suiv-yo t-a la an minm tan : 1. nan
ka koté yon fason ki sètin, ki grav, ki diré nan tan-an, yo pilonnin doua
fondamantal-yo ; 2. lè tout lòt rékou fini ; 3. nan mézi sa pa provoké
dezòd ki pi rèd ; 4. lè gin espoua byin fondé pou ranpòté viktoua ; 5. si li
inposib pou prévoua solision ki pi bon yon fason rézonab.

Kominoté politik-la épi l'Égliz-la

2244 Tout institision pran souf inspirasion-l, minm inplisitman, nan yon
1910 vizion moun-nan ak déstiné-l, sé la li pran référans pou jijman-l, lòd
yérarchi valè-l yo, règ konpòtman-l. Pliziè sosiété té référé institision yo
1881 nan bay moun-nan premié plas sou réalité-a. Sé sèlman rélijion Bondié
révélé-a ki té rékonèt klèman orijîn ak déstiné moun-nan sé nan Bondié,
Kreatè-a ak Rédanmtè-a. L'Égliz-la invité pouvoua politik-yo pou yo

2109 référé jijman yo ak désizyon yo nan inspirasion vérité sa-a osijè Bondié épi moun-nan.

Sosiyété ki pa konnin inspirasion sa-a oubyin ki réfizé-l onon indépandans yo aléga Bondié, oblijé al chèché référans yo ak déstiné yo nan yo-minm oubyin antan yo suiv yon idéoloji dapré intèrè yo épi, antan yo pa admèt pou yo défann yon kritè byin ak mal ki objéktif, yo bay pròp tèt-yo, yon fason klè oubyin kaché, yon pouvoua totalitè sou moun-nan ak sou déstiné-l, jan istoua-a montré sa (cf. CA 45 ; 46).

2245 « L'Égliz-la, poutèt fonksion-l ak konpétans-li, yo pa kapab konfonn-
912 li nan okinn fason ak kominoté politik-la, [...] li sé an minm tan sign épi sovgad transandans moun-nan kòm moun ». L'Égliz-la « respékté épi ankourajé libètè ak responsabilité politik sitouayin-yo » (GS 76, § 3).

2246 Sa fè pati mision l'Égliz-la pou-l « bay yon jijman moral, minm osijè
2032 réalité ki régadé lòd politik-la, lè doua fondamantal moun-nan oubyin salu nanm-yo égzijé sa, antan li sèvi sèlman ak tout mouayin ki konfòm ak Évanjil-la épi ak byin tout moun dapré divèsité tan-yo ak sitiasyon-yo » (GS 76, § 5).

RÉZIMÉ

2247 « Onoré papa-ou ak manman-ou » (Dt 5, 16 ; Mc 7, 8).

2248 *Dapré katriyèm kòmandman-an, Bondié té vlé pou apré li-minm nou onoré paran nou-yo ak lòt moun li-minm li bay otorité pou byin nou.*

2249 *Kominoté moun ki marié-yo établi sou fondman aliens-la épi konsantman épou-yo. Mariaj-la ak fanmi-an fèt pou byin épou-yo, pou transmèt lavi bay pitit-yo épi pou édikasion yo.*

2250 « Pou moun-nan sovè pèsònèlman, sosyalman épi krétiènman sa dépann yon fason séré ak bon kondision kominoté moun ki marié-yo épi fanmi-an » (GS 47, § 1).

2251 *Pitit-yo doué paran yo respè, rékonésans, obéyisans ki kòrèk-la épi asistans. Respè pitit-yo doué ginyin-an favorizé bòn antant tout lavi fanmi-an.*

2252 *Paran-yo sé premié responsab édikasion pitit yo nan lafoua, nan lapriyé ak tout bon kalité-yo (vertu). Yo gin dévoua pou prévoua bay pitit yo, nan mézi yo kapab, sa yo bézouin sou plan fizik épi spirituèl.*

2253 *Paran-yo doué respékté épi ankourajé vokasion pitit yo. Y-a sonjé épi y-a anségné premié apèl krétyin-an sé suiv Jézu.*

2254 *Otorité piblik-la gin obligasion pou-l respékté doua fondamantal moun-nan kòm moun épi kondision ki pèmèt li égzèsé libèté-l.*

- 2255 *Sé dévoua sitouayin-yo pou yo travay ak pouvoua sivil-yo nan bati sosiyété-a nan yon léspri vérité, jistis, solidarité épi libèté.*
- 2256 *Sitouayin-yo gin obligasion an konsians pou yo pa suiv lòd otorité sivil-yo, lè lòd sa-yo kontrè ak sa lòd moral-la mandé. « Nou doué obéyi Bondié plis pasé lézòm » (Ac 5, 29).*
- 2257 *Tout sosiyété référè jijman-l ak mòd konpòtman-l dapré vizion li ginyin sou moun-nan ak sou déstiné-l. Andéyò limiè Évanjil-la bay sou Bondié ak sou moun-nan, fasilman sosiyété-yo vîn « totalité ».*

[◀Atik
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik▶
apré-a](#)